УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№11 (13873)

2024 гъэ, мазаем (февралым) и 15, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Зыхуэгъэзэныгъэ

Интернациональнэ пщэрылъыр хамэ Хэку щызыгъэзэщIахэм я фэеплъ махуэм

**ПщIэ зыхуэтщI зауэлI-интернационалистхэ, афган зауэм и ветеранхэ, Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэ!**

Советыдзэр Афганистаным къыщрашыжа махуэ лъандэрэ мы гъэм илъэс 35-рэ ирокъу. Урысейм и лъэпкъ куэдым къахэкIахэм щIыхь пылъу я къалэнхэр щагъэзэщIащ Афганистаным, зауэлIхэр я икъэрарым епцIыжакъым. Совет зауэлI мин 15-м щIигъум я унагъуэхэм къагъэзэжакъым. Абы щыщу — Къэрэшей-Черкесым икIа нэрыбгэ 42-м. Ди зауэлI къэскIэ дрогушхуэ, къэралым и хьэлэмэтхэр хъумэным хуащIа хэлъхьэныгъэм папщIэ фIыщIэ яхудощI, догъэлъапIэ.

Зэхэуэ зэхуэмыдэхэм, зауэ хьэргъэшыргъэхэм хэта ди ветеранхэм, ноби къэралымрэ жылагъуэмрэ хъумэн хабзэфIхэм пызыщэхэм гум къыбгъэдэкI фIыщIэ псалъэхэр яхудогъэфащэ.

ФIыщIэ худощI фи лIыгъэм, хахуагъэм, бэшэчагъым, зауэлI зэкъуэшыныгъэм! Дэ, ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьа ЛIыхъужьхэм я щIэблэм, сыт щыгъуи дигухэм илъынущ Хэкум и къуэ щыпкъэхэм я фэеплъыр.

Афганистаным и ветеранхэм, зауэ зэхуэмыдэхэм хэтахэм я унагъуэхэм, я гъунэгъухэм дохъуэхъу узыншагъэ быдэкIэ, гукъыдэжкIэ, гъащIэ кIыхькIэ, насыпрэ зэIузэпэщыныгъэрэкIэ! ФIыщэу тлъагъу Къэрэшей-Черкесым — гуфIэгъуэрэ угъурлыгъэрэ!

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ**

Жылагъуэ дэIэпыкъуныгъэм и Штаб

# IуэхущIапIэщIэ



ЩIалэгъуалэм и Илъэсым

***Темрезов Рэшид щыхьэщIащ Къэрэшей-Черкес Республикэм къыщызэIуаха жылагъуэ дэIэпыкъуныгъэм и Штабым. КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ, «Зыуэ щыт Урысей» партым и хэгъуэгу къудамэм и унафэщI Иванов Александррэ абырэ къаплъыхьащ партым и программэм ипкъ иту къагъэщIа IуэхущIапIэр.***

Штабыр къызэIухыныр зэфIэкIа нэужь, Темрезов Рэшид яIущIащ унагъуэ быныбэхэм, ди республикэм и дэнэ районы щыщ, спецоперацэм хэт зауэлIхэм я унагъуэхэм, абыхэм упщIэу къабгъэдэкIам жэуап яритащ.

КъинэмыщIауэ, а махуэм щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэхэмрэ студент зэгухьэныгъэмрэ къабгъэдэкIыу Штабым къекIуэлIа щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ республикэм и унафэщIыр щагъэгъуэзащ жылагъуэм и хьисэп зыхэлъу ялэжь проектхэм, щIалэгъуалэм и Илъэсыр къагъэсэбэпкIэрэ нобэ ягъэзащIэхэм.

«Шэч къытесхьэкъым, ди Къэрэшей-Черкесым и гъащIэр нэхъыфIрэ нэхъ гъэщIэгъуэн ищIу, мы IуэхущIапIэр зэдэIэпыкъуныгъэкIэ, гукъэкI, дауэдапщэ хъарзынэхэмкIэ гъэнщIауэ зэрыщытынум. Штабыр зэзгъэлъэгъуа иужькIэ жысIэнур зыщ — мыбдеж дэтхэнэми къыщигъуэтыфынущ и гум, и псэм фIэфI лэжьыгъэ», — щитхащ и телеграм-каналым Темрезов Рэшид.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, ди республикэм щыпсэухэмкIэ Штабым и бжэхэр дапщэщи зэIухауэ щытынущ.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Фэеплъ

***Мазаем (февралым) и 9-м ди республикэм и творческэ, педагог интеллигенцэм папщIэ къызэрагъэпэщащ фэеплъ нэхукIэ гъэнщIа пшыхь. А Iуэхугъуэ гуапэр къехьэжьэным куэдрэ пэплъа ди хэкуэгъухэм лъэкIыныгъэ яIащ ди лъэпкъым къыхэкIа макъамэтх щэджащэ Даур Аслъэн и щIыхькIэ щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэкIэ колледжым къыщызэIуах Музейм еплъыну.***

# Даур Аслъэн и Музей



Композиторым и фэеплъу еджапIэ щIыхьэпIэм щыт мывэм и лъабжьэм удз гъэгъахэр щагъэтIылъа нэужь, абы къигъэна щIэин гъуэзэджэр зигу къэзыгъэкIыжыну, ар япэу нэIуасэ къэзыщIыну хуейхэм яунэтIащ колледжым и япэ къатым щащIа музейр зрагъэлъагъуну. Абы къыкIэлъыкIуэу, къалэдэсхэм къапэплъэт колледжым щылажьэ педагогхэмрэ студентхэмрэ ягъэхьэзыра «Уэрэдым щIыгъуу си гур фэ фэстащ» концерт гухэхъуэр.

Гъуазджэр зи гъащIэу псэуа адыгэлI щыпкъэм и фэеплъ махуэм зэхуишэсар и Iыхьлы, ныбжьэгъу, лэжьэгъу закъуэхэракъым, атIэ пшыхьым къекIуэлIащ къэрал унафэщI къулыкъухэм я лIыкIуэхэр, КъЧР-м щэнхабзэмкIэ и министр Агырбэ Зураб, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат, хэгъуэгум и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий, Даурхэ я лIакъуэм къыбгъэдэкIа, КъЧР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, профессор Даур Борис, хэгъуэгум и жылагъуэ организацэхэм хэтхэр, колледжым щеджэхэр.

↱ 4

ЕхъулIэныгъэ

Спорт

# Тамбий Адемыркъан — Урысейм и чемпионщ!

Республикэ псом гуфIэгъуэ дауэдапщэ инкIэ зэщIалъысащ, Хьэбэз районым хыхьэ Ботэщей къуажэм щаIэтащ ди лъэпкъым къыхэкIа Iэчлъэч ныбжьыщIэр — Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар и цIэр зезыхьэ еджапIэм и е 11-нэ классым щеджэ Тамбий Адемыркъан самбокIэ Урысейм чемпионыцIэр къызэрыщихьар.



Шэч хэмылъу, самбист ныбжьыщIэм и ехъулIэныгъэ лъагэм игъэгуфIащ зэрылъэпкъыу, Адемыркъан IэкIуэлъакIуагъ ин бгъэдэзылъхьэ и гъэсакIуэхэр: Братхэ Къаплъэнрэ Уэз Мыхьэмэтрэ, ныбжьыщIэм и унагъуэр, ныбжьэгъухэр, самбо лIэужьыгъуэм, спортым пыщIахэр.

Урысейм самбокIэ пашагъэр къыщыхьынымкIэ (зи ныбжьыр илъэс 16-18-м итхэмкIэ) спорт зэхьэзэхуэр махуитхум къриубыдэу Владивосток къалэм щекIуэкIащ.

Тамбий Адемыркъан зыкъыщигъэлъэгъуащ зи хьэлъагъыр килограмм 79-рэ хъу гупым яхэту. Зэхьэзэхуэм ипкъ иту самбистым зэпэщIэтыныгъи 8 иригъэкIуэкIати, дэтхэнэми екIуу бжьыпэр щызыIэригъыхьащ. ИкIи, ди лъэпкъэгъу спортсменым и текIуэныгъэмкIэ лъэкIыныгъэ къилъэщащ Дунейпсо зэхьэзэхуэм бжьыпэр къыщыхьыным щIэбэныну.

Адыгэ лъэпкъыр къызэрымыкIуэу дрогушхуэ икIи дроин Адемыркъани, абы и гъэсакIуэхэми я ехъулIэныгъэ къызэрымыкIуэм. ФIыуэ дыщыгъуазэщ мы спортсмен ныбжьыщIэр ерыщу а ехъулIэныгъэ лъагэм зэрыхуэкIуам. Зэкъым газетым зэрытетар Адемыркъан къилъэща ехъулIэныгъэхэр...

↱ 4

Зэпсэлъэныгъэм кърикIуэу

# Президентым и гупсысэр — зэрыдунейуэ

УФ-м и Президент Путин Владимир американ журналист Карлсон Такер ирита интервьюм тепсэлъыхькIэрэ, Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид къыхигъэщащ ди къэралым и лIыщхьэм и жэуапхэр хуабжьу захуэу икIи пылъхьэншэу зэрыщытар.

— Урысейм и тхыдэмрэ и еплъыкIэмрэ лъэныкъуэгъазэ зэхуэмыдэхэмкIэ къызэщIригъэубыдэу, Украинэми и гугъу ищIуи, кууэ икIи гъэтIысауэ ди Президентыр зытепсэлъыхьам жэуап нэгъэса къыдитащ.

Ди Лъэпкъ пашэм иджыри зэ зэрыдунейуэ яригъэлъэгъуащ сыт хуэдэ зэпсэлъэныгъэми зэрыхуэхьэзырыр, абы и дежкIэ жэуап къызыхуимыгъуэтыфын упщIэ зэрыщымыIэр.

Карлсон и интервьюм къигъэлъэгъуащ Владимир Владимирович и Iуэху еплъыкIэ лъагэм дунейм деж пщIэ ин зэрыщиIэр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы цIыху мелуан бжыгъэм лъэкIыныгъэ ярет къэралыгъуэ щэджащэм, Урысейм и пашэм и Iуэху щIэкIэм, и гупсысэхэм зыщагъэгъуэзэну», — щитхащ и телеграм-каналым Темрезов Рэшид.

**АБЫКЪУ Къамырзэ**

СВО - псапащIэ

# ДэIэпыкъун щагъэткъым

Зауэ операцэ хэхар здыщрагъэкIуэкI щIыпIэм Къэрэшей-Черкес Республикэм къыбгъэдэкIыу къыкIэлъыкIуэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэ машинэ яутIыпщащ.

Апхуэдэу, зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъунымкIэ зыуэ щыт республикэ Штабым хэт, УФ-м и сенатор Къэзэнокъуэ Кърым къыбгъэдэкIыу, Ипщэ военнэ округым псы къабзэ тонни 9 ирагъэшащ.

СВО-р зэрыщIидзэрэ, абы хэтхэми, къэралым и хэгъуэгущIэхэм щыпсэухэми ядэIэпыкъуным республикэр жыджэру хэтщ. Апхуэдэу, КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид я пашэу, штабым и лэжьыгъэм ипкъ иту тонн 1000-м нэс гуманитар дэIэпыкъуныгъэу хуашагъэххэщ. Абы хэтщ ерыскъыхэкIхэр, хущхъуэхэр, щыгъын хуабэхэр, автотранспорт зэхуэмыдэхэр.

ПсапащIэ Iуэхухэр къызэгъэпэщыным холэжьыхь сенаторхэр, депутатхэр, КъЧР-м и Правительствэр, хьэрычэтыщIэхэр, хэгъуэгум щыпсэухэр.

**Ди корр.**

ВДНХ

# ЩIалэгъуалэ политикэр

ВДНХ-м щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм и «Молодежная Россия» профиль махуэм, Къэрэшей-Черкес Республикэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэр щигъэлъэгъуащ.

КъыхэгъэщыпхъэщIи, илъэситI хъуауэ, щIалэгъуалэ политикэм ехьэлIа Iуэхухэр гъэзэщIэнымкIэ ди республикэр къэралым щыпэрытщ. Ди хэгъуэгур къызыщыгъэлъэгъуа 75-нэ павильоным апхуэдэ Iуэхугъуи 10 щрагъэкIуэкIащ, цIыху 1000 нэс хэту.

— Хэгъуэгум и стендым деж хьэщIэхэр хэплъащ щIалэгъуалэ политикэ IуэхухэмкIэ диIэ ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэм, республикэм и щIалэгъуалэм лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ игъуэт ефIэкIуэныгъэхэм. Ахэр хьэрычэт джэгукIэм, зэпеуэхэм хэтащ, абы щытекIуахэм саугъэтхэмрэ фэеплъ тыгъэхэмрэ хуагъэфэщащ. Дэ диIэщ цIыхум яжетIэн! ЩIалэгъуалэ политикэр гъэкIуэтэнымкIэ рейтингым, ди хэгъуэгур нэхъыфIитхум яхэтщ. А Iуэхум фIагъ хэлъу къызэрызэдгъэпэщыфым и фIыгъэкIэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ Федеральнэ агентствэм «Прорыв года»-у дилъытащ.

Республикэм щIалэгъуалэр хэту хэгъэзыхьыгъэншэу Iуэху зехьэным зегъэужьыным хуэгъэзауэ щыIэ Купсэр Ищхъэрэ Кавказ хэгъуэгум щынэхъыфI дыдэу ягъэуващ, — къыхигъэщащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

**Ди корр.**

**«Россия» гъэлъэгъуэныгъэ-форумым и къэухьхэм иту махуищкIэ екIуэкIа бжыгъэ (цифровой) марафоным Къэрэшей-Черкесым хэIущIыIу щищIащ бжыгъэ Iэмалым (цифровизацэм) щиIэ ехъулIэныгъэхэр.**

Ди республикэм иужьрей илъэситIым бжыгъэ трансформацэ и лъэныкъуэкIэ хуабжьу зричащ. Абы Къэрэшей-Черкесыр яхигъыхьащ Урысей Федерацэм щыпашэ хэгъуэгухэм. Абы епха бжыгъэхэр Къэрэшей-Черкесым и стендым деж ирагъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм бжыгъэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Шадаев Максут.

Мыбдежым нэхъапэу икIи нэхъыщхьэу гулъытэ хуащIащ ди хэкуэгъухэм я псэукIэр езыгъэфIакIуэ бжыгъэ технологиехэм. Министрыр щагъэгъуэзащ сервисыщIэхэр къызэрагъэщIымрэ ахэр къэрал хуэIухуэщIэ хъуу цIыхухэм я деж зэрынэсымрэ.

Зэпсэлъэныгъэр теухуауэ щытащ къэрал хуэIухуэщIэхэм (Госуслуги). Куэд щIащ а сервисыр ди цIыхухэм ягу зэрырихьрэ, абы и Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ я гъащIэ Iуэхухэр зэрызэфIагъэкIрэ.

# Хэгъуэгум и ехъулIэныгъэхэр

Форумым деж Къэрэшей-Черкесыр къыщагъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм и астрофизическэ купсэ нэхъыщхьэу. Абы къыхэкIыу, утыкум къитхьащ «Астроссия» къэралыбэ форумым и концепцэр. Ар щекIуэкIынущ ЩIэныгъэхэм я Урысей Академием (РАН-м) и астрофизическэ обсерваторэ хэхам.

Урысей Федерацэм и Президентым и псалъэхэм къазэрыхэщамкIэ, технологическэ лъапсэщIэр хэмыту къэралым къэкIуэн иIэнукъым. ИкIи, хьэкъыпIэкIэ, абы къыхэкIыу, бжыгъэ IэмалыщIэхэмрэ хуэIухуэщIэхэмрэ къэгъэсэбэпыным адэкIи пащэнущ. Къэралым и унафэщIым фIэщхъуныгъэ къигъэлъэгъуащ иджырей технологиехэр къэдгъэIэрыхуэурэ ди къалэн нэхъыщхьэр — цIыхухэм я гъащIэр егъэфIэкIуэныр — зэрыдгъэзэщIэнымкIэ.

**ПАЩIЭ Хьэдис**

Хъуэхъу псалъэ

# Илъэси 101-рэ

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид тылым и лэжьакIуэ Дэгужьей Цуцэ Кугъуэ и пхъум ехъуэхъуащ илъэси 101-рэ зэрырикъуамкIэ.

— Къубинэдэс бзылъхугъэм гъащIэ гъуэгу кIыхь, купщIафIэ къикIуащ, Хэку зауэшхуэм и лъэпощхьэпохэми ямылъытауэ. Абы хузэфIэкIар дэркIэ къызэрымыкIуэ щыпкъагъэм, псэ быдагъэм, Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэм я щапхъэщ.

Ди ветераным иIэщ зэгурыIуэмэ зэдэIуэж унагъуэшхуэ: быни 6, къуэрылъхупхъурылъхуу 15, абыхэм къащIэхъуэжауэ 30-рэ иджыри абыхэм къакIэлъыкIуэжа зы кIасэ цIыкIурэ!

ФIыщIэшхуэ хузощI и гуащIэдэкI хахуагъэмрэ и гъащIэ гъуэгу купщIафIэмрэ папщIэ! — и телеграм-каналым щитхащ хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

**АЛЪЭСЧЫР Мухьэз**

Афганистаным Советыдзэр къызэрырашыжрэ илъэс 35-рэ щрикъум

# ЕпцIыжакъым я гъэсэныгъэм, икъуарым адэжьхэм я

**«Ленин нурым» соджэ зэпыт. Нэгъабэ ноябрым и 16-м къыдэкIа номерым Аджибэ С. и Iэпэ щIэлъу тетащ «ЛIыхъужьыр ящыгъупщэкъым» тхыгъэр.**

## Апхуэдэр зырызт



Ар теухуауэ щытащ Эрсакон къуажэм къыдэкIа, Афганистан зауэм хэкIуэда Абдулаев Къамболэт.

Куэд сигу къигъэкIыжащ, си нэгум къыщIигъэхьэжащ а тхыгъэм. Сыту жыпIэмэ, Къамболэтрэ сэрэ зы ротэм, взводым, отделенэм дызэдыхэтащ, зы палаткэми дызэдыщIэлъащ. Апщыгъуэм нэгъуэщI ди зы лъэпкъэгъуи — КIэщт МуIэед ди гъусащ.

Пэжщ, Къамболэт хуабжьу лIыгъэшхуэ хэлъащ, хуей щыхъум ар гъащIэми щигъэунэхуащ. ЕтIуанэу, ар къызэрымыкIуэу щIалэфIти, умылъагъунуми зыуигъэлъагъунут зыхужаIэхэм ящыщт. Къапщтэмэ, сэ абы апхуэдизкIэ сесати, къыздалъхуам хуэдэу апхуэдизу фIыуэ слъэгъуати, хэкIуэда нэужь зыри сымыщIэжыфу, къасщтэр сIэпыхуу, къызжаIэр къызгурымыIуэжу заулрэ сыкъекIуэкIащ.

Къамболэт, Къамболэт..! Иджыпсту услъагъуну сцIыхуамэ, схузэфIэмыкIынуми и ужь сихьэнти! АрщхьэкIэ, нейIэмал...

... Къамболэт щыхэкIуэдэну махуэм ипэкIэ бгым драмыгъэкIуалIэу махуэ псом душманхэр къытхэуащ. А махуэм Къамболэт и пулеметыр игъэувыIакъым, гъэтIылъыпIэм тIэу къэкIуэжурэ, шэ нихьурэ нэкIуэжащ.

Махуэм тхузэфIэкIатэкъыми, жэщым бгым дыдэкIыну батальоным и командирым унафэ къиxьащ. Абы папщIэ сыхьэтыр 12-м дыкъаIэтри, мывэ къырым дыкIэрыхьащ. Пщэдджыжьыпэм, къырыщхьэм дынэсащ. МывэкIэ зыкъэдгъэтIылъыхьын духа къудейуэ душманхэр къытхэуэу хуежьащ. ЗэрыжысIауэ, уIэгъэ хъуху аргуэру Къамболэт и пулеметыр игъэувыIакъым.

Ауэ щытым псом дяпэ езыр илъащ. Шэджагъуэ нэужьхэм дежщ си ныбжьэгъур щауIар, шэр зытехуар и щхьэрат. Плащ палаткэм телъу бгым кърахьэхыжри, вертолеткIэ госпиталым нагъэсыгъат. Иджыпсту хуэдэу сощIэж, ар къыщыхъуар сентябрым и 21-рат.

Сентябрым и 23-м, частым дыкъыщыкIуэжым, военнэ машинэ хьэлъэм сыкъимыкI щIыкIэ дневальнэр къызбгъэдэлъадэри гуфIэу къызжиIащ:

«Уи ныбжьэгъур псэущ!». Зэрызызгъэкъэбзэжам нэхъ зэман темыкIауэ, сыпIащIэу госпиталым сынэсащ. АрщхьэкIэ, Къамболэт иджыри зыкъищIэжатэкъыми, сыщIагъэхьакъым.

ИужькIэ дапщэрэ сымыкIуами си насып къихьыжакъым Къамболэт сыIуплъэжыну. Сыт сщIэнт, сыщытт-сыщытти, частым сыкъэкIуэжт. Апхуэдэу махуипщIкIэ и псэр пытауэ, етIуанэу операцэ здащIым си ныбжьэгъур столым къытрахыжакъым.

Сухынщ сэри абыкIэ. Ауэ жызоIэ Къамболэт и лIыгъэм теухуауэ зы тхылъ зэрыптхыфынур.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мурат,**
**зауэлI-интернационалист**

*Арaщ зэбгъэщхьыфынур Афганистаным и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи гъащIэр зыта щIалихыр.*

## Тхьэрыкъуих



Интернациональнэ къалэн ягъэзащIэу зи гъащIэр зыта сэлэтхэм я фэеплъ сыныр къызэIухыным теухуа манифестацэ Хьэбэз щекIуэкIащ. Мы махуэм ипэ къихуэу ВЛКСМ-м и Хьэбэз райкомым, абы и япэ секретарь Шыбзыхъуэ Фрал къызэрымыкIуэу лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ, 1980 гъэхэм я комсомолецхэм зэрахьа лIыгъэр мыкIуэдыжын, абыхэм я фэеплъыр щIэблэм къыхуэнэн папщIэ.

Зы зэманкIэ узэIэбэкIыжмэ, ВЛКСМ-м и райкомым и бюром къыхилъхьауэ щытащ сэлэт-интернационалистхэм я фэеплъ ухуэн хуейуэ. АбыкIэ зыхуагъэзащ районым и комсомолецхэмрэ щIалэгъуалэмрэ. А гупсысэр псоми тэмэму къалъытащ икIи къыдаIыгъащ. Фэеплъыр зэращIари субботникхэм комсомолецхэмрэ щIалэгъуалэмрэ къыщалэжьамрэ районым и предприятэ, организацэ зыбжанэм я хэлъхьэныгъэмрэщ.

ВЛКСМ-м и райкомым и пщIантIэращ. Мыбдежщ фэеплъыр здагъэувар.

Ар къызэрызэIуахым хэтыну къекIуэлIащ зауэмрэ гуащIэдэкIымрэ я ветеранхэр, сэлэт интернационалистхэр, абыхэм я анэадэхэр, гуащIэрыпсэухэр.

Таривердиев М. и «ГукъэкIыж» макъамэр къоIу. Фэеплъым и бгъуитIымкIэ сэлэтхэр къоув, лентI фIыцIэ зыпыщIа бэракъхэр кърахьэ.

Фэеплъым теубгъуа щэкI хужьыр трахыну хуагъэфащэ КПСС-м и обкомым и япэ секретарь Лесниченко В.Е, партым и Хьэбэз районым и япэ секретарь ДжэдыгущIэ Ю. А, цIыхубэ депутатхэм я область Советым и исполкомым и тхьэмадэм и къуэдзэ АбытIэ С. Ж., райисполкомым и председатель Шыбзыхъуэ М. Н., ВЛКСМ-м и райкомым и япэ секретарь Шыбзыхъуэ Ф. З. сымэ.

Десант фащэр зыщыгъ сэлэтыр къыщIощ. Абы и теплъэм уи нэгу къыщIегъэхьэ къэзмыгъэзэжа дэтхэнэ зы щIалэри. АфIэунэ Ауес, Ажгельдиев Мурат, Къущхьэ Ауес, Къумыкъу Уэсмэн, Мамбэт Аулэдин, Мэшэжь Хьэсин — мыбыхэм я унэцIэхэр мрамор гранитым тетхащ.



Псалъэ ират КПСС-м и Хьэбэз райкомым и япэ секретарь ДжэдыгущIэ Ю. А.

— ГущIыхьэ ин тщыхъуу, дигъэпIейтейуэ дэ дыбгъэдэтщ сэлэт – интернационалистым и образыр къэзыIуатэ фэеплъым, — къригъэжьащ абы. — Сэлэт къалэныр Афганистаным щызыхьауэ районым диIэщ щIали 105-рэ, абыхэм ящыщу 29-м орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ.

Къулыкъум едгъэжьа щIалэхэм я къалэныр щIыхь пылъу ягъэзэщIащ. Иджы абыхэм Хэкум къызэрагъэзэжыр ди зэхъуэкIыныгъэм и текIуэныгъэщ.

ИужькIэ къэпсэлъащ къэзмыгъэзэжа сэлэтым и анэ Къущхьэ Лидэ, зауэмрэ гуащIэдэкIымрэ я ветеран, «За отвагу» медалымрэ «Красная Звезда» орденымрэ зыхуагъэфэща, Афганистаным и революцэм папщIэ зи гъащIэр зыта Мэшэжь Хьэсин и адэ Мусэ. Абы фIыщIэ ин яхуищIащ фэеплъыр езыгъэщIахэм, къызэIузыхахэм.

Сэлэт интернационалистхэм къабгъэдэкIыу къэпсэлъащ Мусэхэ Артур.

Областым и военнэ комиссар Попов В. В. «За боевые заслуги», «За отвагу» медалхэр ярет сэлэт – интернационалистхэу Емзэгъ Хъусинрэ Къармэ Арсенрэ.

Псалъэ ещтэ ВЛКСМ-м и япэ секретарь Шыбзыхъуэ Фрал.

— Нобэ дызыхэт Iуэхум иджыри зэ урегъэгупсыс илъэс бжыгъэ къэбгъэщIам и куэдагъым нэхърэ къызэрыбгъэщIам и мыхьэнэ мыкIуэдым.

Ар наIуэ къащI мы щIалэхэм я гъащIэм. Дэ дыхущIэкъунущ абыхэм я щапхъэмкIэ ди щIэблэр дгъэсэну, — жиIащ абы. — Фэеплъым и гухэлъхэр хэзылъхьэфа, ди ныбжьэгъу щIалэхэр наIуэу ди нэгу къыщIэзыгъэувa скульптор КIэмрыгу Хьэтызэ фIыщIэ ин псоми къыдбгъэдэкIыу хуэсщIыну сыхуейт.

ЕджакIуэ производственнэ бригадэхам я область слетым и делегат Хьэмдэхъу Арсен жеIэ: «НобэкIэ дэ зыдогъасэ гуащIэдэкI къалэныр дгъэзэщIэфу, пщэдей дыхуэхьэзырынущ къуэш нэхъыжьхэм я щапхъэм зэрыпытщэнум».

ЩIалэ цIыкIуих тхьэрыкъуэ хужь зырыз яIыгъыу фэеплъым и гупэм къоув. Ахэр яутIыпщ. Уэгум хэт тхьэрыкъуихым ещхьу щIалэ ныбжьыщIэхэм я гъащIэр нэхуу, дахэу щытащ. ЩIэблэм гъуазэ яхурехъу абыхэм я лIыгъэр!

**ШИРДИЙ Маринэ.**
**«Ленин нур»,**
**1988 гъэ, июным и 23-рэ**

*Мухьэрбий еджапIэм къикIыжу унэм къыщIыхьэжа нэужь, и тхылъылъэр игъэтIылъри, шхэнми пымылъу щIэжыыжащ. Дунейр зи щIэщыгъуэ, махуэр зыхуримыкъу щIалэ цIыкIур унэм щIэзэгъэнутэкъым, джэгун, и къэжыхьын иримыкъуауэ. Ар и ныбжьэгъу цIыкIухэм яхэту псыхъуэ удзыпцIэм дэлъэдэнут, спорт джэгукIэхэм хэтынут, е и адэ Сэфэрбий къызэрыIухьэжа тракторым итIысхьэнути тIэкIурэ зэригъэкIуэнут. Апщыгъуэм ар илъэс 11-12-м ит къудейт...*

## Жыг къудамэр гуэщIыкIами...



Лафыщхэ я унагъуэм сабиищ къихъухьат. Ауэ анэм зикI къыгурыIуэтэкъым и гур Мухьэрбий нэхъ щIыхуэмыгъуэр, ар узыншэ дыдэу, спортым дихьэхыу къэхъу пэтми. Нобэ хуэдэщ и сабийм япэ лъэбакъуэ щичар, курыт еджапIэм япэ щыкIуар, а еджапIэр къызэриухамкIэ аттестатыр IэщIэлъу унэм къыщыщIыхьэжар.

Ар гуфIэгъуэт адэ-анэм я дежкIэ.

АтIэ, къыкIэлъыкIуэу сыт хуэдэ гуфIэгъуэт зыпэплъэр Фаризэтрэ Сэфэрбийрэ? Ахэр тепыIэншэу пэплъэт «Мамэ, си къулыкъур къэзухри сыкъэкIуэжащ. Нэхъ Iэчлъэч сыхъуащ, сызэры-Мухьэрбийщ, сыузыншэщ», — жиIэу къыщIэхьэжыным, и хьэлэлагъыр, гущабагъыр къэзыIуатэу щыта и нитIым щIэт гуфIэр хуэмыгъэпщкIуу. Ауэ...

**«ЩIыхь зыхуэтщI Сэфэрбий Ибрэхьим и къуэ, Фаризэт Хьэжбэчыр ипхъу! Фэ зыкъыфхуегъазэ фи къуэ Мухьэрбий и къулыкъур здрихьэкIа дзэ пакIэм и командованэм. ГущIыхьэ ин тщыхъуу хъыбар фэдгъэщIэн къытхудохуэ фи къуэм и къулыкъу, интернациональнэ къалэныр Афганистан Демократическэ республикэм и щIыналъэм щигъэзащIэкIэрэ, лIыхъужьыгъэрэ бэшэчагъ инрэ хэлъу 1985 гъэм июным и 27-м зэрыхэкIуэдамкIэ.**

**Фи къуэм — Хэкум и хъумакIуэ щыпкъэм и фэеплъыр игъащIэкIи ди гум ихункъым.**

**Капитан ПАВЛОВ.**

**Лейтенант СИНЯКОВ».**

Зыпэмыплъагъэххэ а нэщхъеягъуэ иныр къэзыIуатэ хъыбарыр къахуепсыхащ Лафыщхэ я унагъуэм. Ауэ унагъуэм исхэм я мызакъуэу а гущIыхьэ иным зэщIиIулIат я Iыхьлыхэри къуажэм дэс псори.

... **«Лафыщ Мухьэрбий. 1966-1985 гъэхэр»** зытетха мывэ сыным анэр бгъэдэтщ. И Iэпэ кIэзызхэмкIэ а сыным и джабэм ину хэщIыхьа сурэтым тоIэбэ. А дакъикъэхэм анэм игу къэмыкIыжынрэ и нэгу къыщIэмыхьэжынрэ щыIэ? Ауэ псом хуэмыдэу нэхъ къыдривеижыр Мухьэрбий къулыкъум щежьэ махуэм «Мамэ, сэ щхьэкIэ зэи фигу фымыгъэныкъуэ, псори хьэлэмэту екIуэкIынущ. ДызэIущIэжыху!» зэрыжиIаращ. И нэгу щIэтщ дунейр хуримыкъуу, и нитIыр къигуфIыкIыу IэплIэ къызэрыхуищIыжауэ щытар.

Апхуэдэу, дакъикъэ зыбгъупщI хуэдизкIэ кхъащхьэм щхьэщыта нэужь, «Си Мухьэрбий, итIани сыкъэкIуэнщ» жыхуиIэ щIыкIэу, и Iэпэ кIэзызхэмкIэ сыным телъэщIыхьыжри, хуэм дыдэурэ къежьэжащ, кхъэм и дыхьэпIэм къыщысми зэ хуеплъэкIыжри, къыдэкIыжащ...

Мухьэрбий къулыкъу ищIэнныр къыщыщIидзащ Ашхабад деж. 1984 гъэм и бжьыхьэт. Япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ ар хэша мэхъу сэлэт гъащIэм, хуозэ гугъуехьхэм. Ауэ зэи къэхэшакъым. АбыкIэ къыщхьопэж курыт еджапIэм щыщIэса илъэсхэм спортым зэрыпылъар, узыншэу, щIалэ пкъы псынщIэу къызэрытэджар. А псом нэмыщIу гурыхуэу, зауэлI жану зэрыщытым папщIэ, ар хагъыхьэ я къулыкъум пагъэщэн папщIэ иужьыIуэкIэ Афганистаным ягъакIуэхэм.

Мыбдеж зэуэ гу къылъатэ Мухьэрбий куэдкIэ узыщыгугъ хъун сэлэту, цIыху щыпкъэу, жиIар игъэзэщIэжу зэрыщытым. Гулъытэ ин хэлът.

Зыгуэр дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэу блэкIынутэкъым. Ныбжьэгъум и цIэкIэ сыт хуэдэ гугъуехьми шынагъуэми пэщIэувэну хьэзырт. Абы къыхэкIыу нэIуасэ, ныбжьэгъуфI куэд къыхуэхъуат, зыхалъхьэ щымыIэу фIыуэ къалъагъут. «Мухэ ди гъусэмэ (арат абы и ныбжьэгъухэр гушыIэу къызэреджэу щытар) дыкъызэрикIуэтын щыIэкъым», — жаIэт зы отделенэм, взводым къыдыхэт сэлэтхэм.

Апхуэдэурэ кIуэт махуэхэр, мазэхэр. Зыгъэпсэхугъуэ сыхьэт къащыхуихуэм деж зэуэ и нэгу къыщIыхьэт и къуажэр, и лъахэр, и Iыхьлыхэр, и ныбжьэгъухэр. ИужькIэ гупсысэм нэхъри кууууэ щыхитIасэкIэ, тIысти и анэ-адэм письмо къахуитхт. Я гур зэригъэфIынум щIэкъут, ядэгушыIэт.

Мухьэрбий къитх письмохэм дэлъу и анэ-адэм къахуигъакIуэ зэпыту щытащ зауэлI фащэр щыгъыу зытригъэха сурэтхэр. Ауэ 1985 гъэм июным кърагъэхьа сурэтрат абы и иужьрей Iэужьу унагъуэм къыIэрыхьэжынур.

АтIэ, а сурэтым зыщагъэнщIу еплъын хущIыхьахэтэкъым июным и 27-м душманышэм Мухьэрбий гъащIэм зэрыхихам теухуа гуауэ щIыIэр абы къыщыкIэлъысам...

Ар къулыкъу къыдэзыщIа и ныбжьэгъу псоми гущIыхьэ ин къазэрыщыхъуар жаIэу иужькIэ къатхащ Мухьэрбий здеджа ВакIуэ-Жылэ курыт еджапIэми, и анэ-адэм я дежи. Дыкъоджэ абыхэм ящыщ зым.

Абдеж щыжыIащ е 4-нэ классым щеджэ цIыкIухэм (иджы е 5-нэ классщ) Афганистаным и лIыхъужь, я къуажэгъу Лафыщ Мухьэрбий и фэеплъыр зэрахъумэм, абы щIыхь ин зэрыхуащIым папщIэ фIыщIэ зэрахуищIыр.

АдэкIэ ныбжьэгъум етх къулыкъум щрагъэжьа япэ махуэм къыщыщIэдзауэ зэрызэгъусар. Апхуэдэуи, зэхэуэ гуащIэхэми зэгъусэу щагъэкIуа къэхъуащ.

«МащIэкъым Афганистаным и бгы къуейщIейхэм гугъуехьу щыдгуэщIар.

Ауэ ахэр къехьэлъэкIыу зэгуэрэми гу лъыттакъым Мухьэрбий. Уеблэмэ, дызэригъэгушхуэным, ди гур фIы зэрищIыным сыт щыгъуи хущIэкъут.

Зэгуэрми и гугъэр хихакъым къулыкъур пэщIэкIыу и лъахэм къихьэжыным, я къуажэм, унагъуэм къэкIуэжыным. Ауэ иухатэкъым а хъуэпсапIэр абы къехъулIэну», — етх ныбжьэгъум.

«Хэти хуэмыдэжу си ныбжьэгъуфI дыдэу щыта Мухэ ажалышэр къытехуэу уIэгъэ хьэлъэ щыхъуам, сэращ ар зэуапIэм къыIузыхар. Зыгуэрхэр къызжиIэурэ, си нэпсхэр схуэмыбыдурэ сIэщIэлъу и псэр хэкIащ», — итщ Сорокин Михаил Мухьэрбий и анэ-адэм къахуитхауэ щыта письмом.

Сорокиныр Иваново къалэм щыщщ. И къулыкъур пэщIэкIыу къигъэзэжа нэужь Лафыщхэ я унагъуэми щыIащ. Анэ-адэм яжриIэжащ Мухьэрбийрэ езымрэ яку дэлъа гуапагъэр, ныбжьэгъугъэ иныр. Щежьэжми къажриIащ дунейм тетыху абы Мухьэрбий щыгъупщэн зэрылъэмыкIынур. АтIэ, зэш псори зы анэм къилъхукъым. Мухьэрбийрэ сэрэ дызэныбжьэгъу къудейтэкъым, атIэ зэкъуэши дызэхуэхъуащ», — жиIэурэ Фаризэти Сэфэрбии IэплIэ къаришэкIт...

ЗэрыжытIащи, Лафыщыр щIалэ дыдэу (илъэс 19 ирикъуатэкъым) дунейм ехыжа щхьэкIэ, къигъэнащ и къуажэгъухэр зэрыгушхуэн лъэужь дахэ — хахуагъэм, бэшэчагъэм я лъэужь. Арaщ абы къыщIыхуагъэфэщар нагъыщэ лъапIэр — «Красная Звезда» орденыр. Апхуэдэ къабзэу мы зауэлI-интернационалистым и лIыгъэр къуажэгъу ныбжьыщIэхэм я дежкIэ щапхъэ гъуэзэджэу къызэрыувым, мыужьыхыжын фэеплъу гъащIэм къызэрыхэнэм и щыхьэтщ Лафыщ Мухьэрбий и цIэр я унагъуэр здытес уэрамым зэрыфIащар.

Лафыщым и цIэр зэрехьэ е 5-нэ классым и пионер отрядым. Абы классым къыщызэригъэпэщащ «Гуеигъэ щIыхьым» и плIанэпэ. Абдеж щызэхуэхьэсащ зауэлI-интернационалистым теухуа тхыгъэхэр, къулыкъу щищIэм щыгъа фащэр, сурэт-альбомыр.

ЕджакIуэ цIыкIухэм махуэкIэ ядэлажьэу плъагъунущ Мухьэрбий и анэри.

АтIэ, ар мы курыт еджапIэм и егъэджакIуэщ, химиемкIэ, биологиемкIэ иригъаджэу щытащ. И къуэм и цIэр зезыхьэ пионер отрядым и зэфIэкIхэр, зыхэт IуэхуфIхэр щилъагъукIэ, анэм и лъэр нэхъри жан мэхъу, и гукъеуэр нэхъ щхьэщокI. Сыту жыпIэмэ, елъагъу и Мухьэрбий имыIэжми, абы зезыгъэщхь, Хэкур фIыуэ зылъагъу хэкупсэхэу, интернационалистхэу а цIыкIухэр къызэрытэджыр.

Мыбдеж мы егъэджакIуэ - гъэсакIуэ анэр сэ езгъэщхьыну сыхуейщ къыкъуэуа жьапщэ бзаджэм зи къудамэр гуищIыкIа жыгым. Къудамэ гуэщIыкIыпIэр абы ену дыркъуэу къытенащ.

Ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу а жыгым нэгъуэщI къудамэхэр къыдожыж икIи гъатхэ къэс кIуэ пэтми нэхъ лъагэу зеIэт, и къэухьми зеубгъу...

**ГЪУЭЗДЖЭШ Хъызыр**

## ЛIыгъэр ныбжьым елъытакъым

«Интернациональнэ къалэн ягъэзащIэу»... А псалъэхэр жаIэрейр Афганистаным щыIа, иджыри щыIэ ди зауэлIхэм я гугъу щащIкIэрэ. Ахэр ныбжьыщIэми, лIыгъэкIэ, щыпкъагъэкIэ Хэку зауэшхуэм хэта ди нэхъыжьхэм яхуэбгъэдэ хъунущ. Дэни щызэхыбохыр лIыгъэшхуэ зезыхьахэм я хъыбар зэхуэмыдэхэр. ИIэщ Адыгэ-Хьэблэ районми апхуэдэхэр. Абы и къуажэхэм дэкIа щIалэ 59-рэ щыIащ Афганистаным, 22-м къэралым и орден, медалхэр къыхуагъэфэщащ.



Дакъытепсэлъыхьынщ зауэлI хахуэу зыкъэзыгъэлъэгъуа, «Красная Звезда» орденыр къызыхуагъэфэща щIалитIым: Адыгэ-Хьэблэ къуажэм щыщ Унэжь Анатолэрэ эрсакондэс ПэтI Алибекрэ.

ПМК-II73-м и пхъащIэ Унэжь Анатолэ къэдгъуэтащ псэуалъэщI гупым яхэту. ГуфIэжу къытпежьа щIалэм Афганистан гугъу зэрыхуэтщIу зэуэ къэнэщхъеящ.

— ИлъэситI мэхъур абы сыкъызэрикIыжрэ. Солажьэ, унагъуи сщIащ. Ауэ си нэгум схущIэгъэкIкъым къэзымыгъэзэжа си ныбжьэгъухэр, щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэкIуэда афган цIыху къызэрыкIуэхэр, — жеIэ абы.

ЩIалэм и гуфIэгъуэр гурыIуэгъуэщ. Анатолэ ещIэ, и нэгум щIэкIащ фронтыншэ зауэр зыхуэдэр. ИлъэситIкIэ ажалым бгъурыту къикIухьащ. Ар щыIащ Пакистан щIыгъунэмкIэ къикI бандэхэм цIыху акъылым хуэмыгуэщIын хьэкIэкхъуэкIагъэхэр здызэрахьа, цIыхулъкIэ гъэнщIа Кандагарым. Хэтащ бандэхэр къэзыгъуэт, ахэр зэтезыIыгъэ гуп хэхам.

— Зэхэуэ сызыхэта псори схужыIэжынкъым, ауэ зыр игъащIэкIэ сщымыгъупщэжынщ, — жеIэ щIалэм.

Ар гуащIэ дыдэу зэрыщытам, абдеж Анатолэ щызэрихьа лIыгъэм и хъыбарыр «Красная Звезда» газетым 1985 гъэм къытехуащ.

... КIэ зимыIэж Iэмалрэ хъуагъэщагъэрэ бандэхэм къагупсыст. Ди сэлэтхэм, мэкъумэшыщIэхэм я щыгъынкIэ захуапэти, дэни щыпхырыкIт. Уеблэмэ сатуущI защIти, апельсинхэр ящэт. Ахэр зэрылъ хъуржын псыпсхэм уэу зыхэлъ газхэр ирагъэхьэти, къыщызэтрахкIэ сэлэтхэр зэуэ игъэудэращхъуэт, иужькIэ зыхуейр ящIэт. Махуэ гуэрым капитан Ладейщиков Николай зи командир, Анатолэ зыхэт гупым хъыбар къыIэрыхьащ ПакистанымкIэ къикIауэ бандэ гупышхуэ къызэрыкIуэмкIэ. Нэхъыбэу ахэр здызекIуэ лъэныкъуэмкIэ гупыр ежьащ. БлэкIащ ди зауэлIхэмрэ афганцхэмрэ зэгъусэу яхъумэ постхэм. Ахэр къызэранэкIа къудейуэ, прапорщик Чайкэ Сергей и рацэм къиубыдащ гузэвэгъуэ макъ. Ар лъаIуэт гупым псынщIэу къигъэзэжыну, дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну. Капитаным унафэ ещI лъаIуэхэм ядэIэпыкъуну. Къагъэзэжмэ, ди сэлэт щыгъынхэр зыщыгъ бандэхэр нэхъапэ блэкIа гупым кIэлъыкIуафэ зытрагъауэурэ ягъэбэлэрыгъти, постхэр зэтраукIэт. Сэлэт куэди уIэгъэ, укIыгъэ хъуат.

Нэрыбгибгъу нэхъ мыхъу гупыр пэуващ бандэм, зэхаубла зэхэуэ гуащIэм уIэгъэ хьэлъэ хэхъухьащ капитаныр. Анатолэрэ и гъусэхэмрэ жэщитI-махуитIкIэ бандэхэр къамыгъакIуэу зэтраIыгъащ, командирри псэууэ кърагъэлащ. Абдеж щызэрихьа лIыгъэращ зи нагъыщэр щIалэм и бгъэм хэлъ орден лъапIэр. Мы гъэм Советскэ Армэм и махуэм и щIыхькIэ Эрсакон къуажэм щэнхабзэмкIэ и Унэм гуфIэгъуэ зэIущIэ щекIуэкIт. Хэку зауэшхуэм хэта, лIыгъэрэ щыпкъагъэрэ къэзыгъэлъэгъуа къуажэдэсхэм яхэту и цIэр ираIуащ илъэс 21-рэ нэхъ мыхъу ПэтI Алибеки.

ЩIалэщIэр утыкум кърашэ. СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и унафэм къоджэ Адыгэ-Хьэблэ райисполкомым и тхьэмадэ Натхъуэ Мурат.

«И интернациональнэ пщэрылъыр игъэзащIэкIэрэ, ПэтI Алибек къигъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм папщIэ «Красная Звезда» орденыр» етын. Iэгуауэ иным щIэту щIалэщIэм и бгъэм орденыр халъхьэ.



— Нэмысышхуэ зыхэлъ щIалэщ, куэд къывжиIэнукъым, фIыуэ илъагъукъым и щхьэм тепсэлъыхьыныр, — къыщыджаIат Адыгэ-Хьэблэ военкоматым.

Апхуэдэ дыдэуи къыщIэкIащ. «Сыт абы утепсэлъыхькIэ, къысхуагъэува къалэныр згъэзэщIащ». Арaщ къыпытхыфар щIалэм. Апхуэдэми, къэтщIащ Алибек теухуа гуэрхэр. Кавказскэ совхоз-техникумыр псэуалъэщIу къиухауэ къулыкъум кIуащ, хуэзащ Афганистаным. Езым къыджимыIами, Кандагар зэрыщыIар, уIэгъэ хьэлъэ зэрыхъуар къыщытщIэм, къыдгурыIуащ ар зыхэта зауэр зыхуэдар, лIыгъэу къыкъуэкIар.

Ауэ зауэм щыхэтам хуэдэ къабзэу лIыгъэ хэлъу ишэчащ уIэгъэ хьэлъэ дыдэри. Иджы и узыншагъэр фIы мэхъуж. Анатолэ хуэдэ къабзэу мыри щогуфIыкI ди сэлэтхэр куэд мыщIэу я Хэкум къызэрыкIуэжынум, зыри зыхуэмей зауэ дыджымкIэ зэригъуэтынум, анэ нэпсыр зэрыщIамыгъэкIыжынум.

**ДАУР Жэхьфэр.**
**«Ленин нур», 1988 гъэ,**
**майм и 26-рэ**

Афганистаным Советыдзэр къызэрырашыжрэ илъэс 35-рэ щрикъум

# лIыхъужьыгъэм щIапIыкIа, Хэкум и къуэ щыпкъэхэр!

## ЗауэлI щIыхьыр зыгъэщыпкъа



Хьэбэз районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къыдэкIауэ Афганистаным щекIуэкIа зауэм нэрыбгэ 15 хэтащ, Тхьэм и шыкуркIи, псори узыншэу я унагъуэ къихьэжащ. Дэтхэнэми и цIэ къиIуапхъэщ. Ахэр: Балэ Игорь, Гуэгуэ Мухьэмэд, Есэней Казбек, Къумыкъу Артур, Къардэн Джумал, Чэнджэщауэ Уэлий, Малей Уэлий, Мэкъушэхэ Аликрэ Заурбийрэ, Мыжей Умар, Муссэхэ Артур, Лэмокъуэ Аслъэн, Щауэхэ Асчэррэ Мухьэбрэ, Хъуэц Руслан сымэщ. Дэтхэнэми хахуагъэ, лIыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу, анэ-адэм бгъэдалъхьа гъэсэныгъэ нэсыр ягъэщыпкъэу я къулыкъур ирахьэкIащ.

ИлъэситIкIэ — 1986-1988 гъэхэм зи унагъуэр гусыс мыухыжым хэта, зи хэку цIыкIум псэууэ къэзыгъэзэжа, лIыгъэ хэлъу Афганистан щIыналъэм зи интернациональнэ зауэлI пщэрылъхэр щезыхьэкIа, зауэ нагъыщэ зэхуэмыдэхэмкIи зи къулыкъур къыхагъэща щIалэ хахуэщ Къумыкъу Артур.

Артур курыт еджапIэр къиухри, 1986 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 7-м къулыкъу ищIэну дашащ.

— Хьэбэз районым хыхьэ Хьэгъундыкъуей къуажэм щыщ Нэхущ Шыхьэбэнрэ сэрэ Афганистанымкiэ даунэтIащ. Пэжщ, абы дашэну тIуми тцIыхуакъым. Сэ, псалъэм папщIэ, хыдзэм сыхэхуэну къызжаIат. Ставрополь дынашэсри, адэкIэ Ростов дыкъыщыхутащ, иужьым Кушкэ дынэсащ. Ар Тыркумэным и щIыналъэщ. Абдежым мазищкIэ гъэсэныгъэ Iуэхухэм дыщагъэгъуэзащ. Псалъэм папщIэ, узыхэхуэ дзэ пакIэм — е миномет, е танк елъытауэ, Iэщэ къэгъэсэбэпыкIэм дыхуагъэсащ. Сэ миномет батальоным сыхэхуат. Апхуэдэу, гъэмахуэм и кIыхьагъкIэ абдеж дыщыIэри, иужьым Кабул дашащ, Совет Союзым и ЛIыхъужь Аушев Руслан унафэ зыхуищI 180-нэ дзэ пакIэм сыхэхуащ, миномет батареем сыхэтащ, — жиIащ Артур.

Артуррэ Шыхьэбэнрэ зэкIэрачри, хьэгъундыкъуей щIалэр Афганистаным и нэгъуэщI лъэныкъуэмкIэ щыIащ. Тхьэм и шыкуркIэ, ари псэууэ мафIэс щIыналъэм къикIыжащ...

Артур зэрыжиIэмкIэ, Кабул къалэм ущыдэтым деж, а щIыналъэм зауэ щекIуэкIыу зыхэпщIэтэкъым. Ауэ операцэ щекIуэкIкIэ хэгъуэгум щекIуэкI граждан зауэр хьэкъыпIэкIэ нэрылъагъут.

— Операцэ дыщыкIуэкIэ, лъагапIэхэм дыщетIысэхт, зыщыдгъэбыдэти, щIыпIэр шынагъуэншэ тщIыт, ди колоннэхэр блэдгъэкIт. Къапщтэмэ, апхуэдэ операцэхэр Афганистаным и щIыналъэ псоми щекIуэкIт, дэри колоннэ здэкIуэм даригъусэт, — игу къегъэкIыж Артур.

Гъэщiэгъуэнщ Къумыкъум и афган зауэ гъуэгуанэм ехьэлIауэ къытIэрыхьа тхыгъэр...

**Архивная справка**

В Указе Президиума Верховного Сонета СССР № 9892-XI от 8 декабря 1988 г. значится: «За успешное выполнение задания по оказанию интернациональной помощи Республике Афганистан наградить:

**по СУХОПУТНЫМ ВОЙСКАМ ОРДЕНОМ КРАСНОЙ ЗВЕЗДЫ ... КУМУКОВА Артура Фатиховича - старшину...».**

Основание: ЦА МО РФ, фонд 33. опись 1/12917с, дело 419, лист 62.

В наградном листе к Указу Президиума Верховного Совета СССР № 9892-XI от 8 декабря 1988 г., по которому старшина КУМУКОВ Артур Фатихович, 1968 года рождения, награжден орденом Красной Звезды по должности заместителя командира взвода минометной батареи 180 мотострелкового полка 108 мотострелковой дивизии, записано:

«...В Вооруженных Силах СССР с 17 апреля 1986 г. **Домашний адрес (на дату награждения): Ставропольский край, Хабезский р-н, с. Зеюко.**

В РА с августа 1986 г.

За период прохождения службы в полку принимал участие в 22 боевых операциях по ликвидации бандформирований мятежников...

**Особенно отличился 13 апреля 1988 г. в районе н.п. Бараки. При обстреле колонны оппозиционерами из тяжелого вооружения старшина КУМУКОВ А.Ф. умело организовал оборону по отражению обстрела оппозиционеров. Сам, рискуя жизнью, под непрерывным огнем противника пробрался во фланг и прицельным огнем из личного** оружия уничтожил расчет ДШК.

Еще раз отличился 28 мая 1988 г. в районе н.п. Чарикар. При прочесывании зелёной зоны мотострелковая группа попала в засаду оппозиционеров.

Старшина КУМУКОВ А.Ф. сумел организовать отход группы, сам, прикрывая, уничтожил расчет безоткатного орудия...».

Основание: ЦА МО РФ. фонд 33, опись 1/12917с, дело 420, лист 295.

Выписки даны с соблюдением текста оригинала документов.

***Начальник 2 отдела хранения (архивного) О. Панков***

— Зы гупым дызэдыхэмытами, къулыкъум сыщыIэу къызихьэлIауэ щытащ Хьэгъундыкъуей къуажэм щыщ Унэгъэс Сэфэдин, ТхьэкIумашэ Аслъэн тхьэмыщкIэр, сымаджэщым деж сыщыпэщIэхуащ Хьэбэз щыщ Сидакъ Аслъэни, — къыпещэ гукъэкIыжхэм Артур...

Артур и зауэлI гъуэгуанэм хуэгъэзауэ дыщIегъэдэIу КъЧР- м щыщу Афганистаным щыIахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Мамчуев Исса.

— ЗауэлI хахуэ Къумыкъу Артур миномет расчётым и командиру, взводым и командирым и къуэдзэу щытащ. Операцэ, рейд 22-м щIигъум хэтащ. «Магистраль» фIэщыгъэцIэр зиIэ операцэр советыдзэм иригъэкIуэкIыу, Артур лIыхъужьыгъэ зэрихьащ, абы папщIи «Орден Красной Звезды» нагъыщэмкIэ къыхагъэщауэ щытащ.

Хъуэст щIыпIэм операцэ щекIуэкIыу, Артур и гупым щIыгъуу лъагапIэр и чэзум къащтащ, бийм и мафIэ, пулемет щIыпIэхэр ягъэуужьыхащ. Ар Артур и гупым зэфIагъэкIат хэщIыныгъэ ямыгъуэту. Мы операцэм командир хахуэу зыкъыщызыгъэлъэгъуа, акъыл бгъэдэлъу зи пщэрылъхэр зыгъэзэщIа, лIыхъужьыгъэ зезыхьа Къумыкъум къэрал нагъыщэкIэ и лIыгъэр къыхагъэщащ.

Артур жыджэру хэтщ Афганистаным щыIахэм я республикэ Союзым, ветеран зэщIэхъееныгъэм, Iуэхугъуэ куэдымкIэ дэIэпыкъуэгъу мэхъу.

Артур хуэдэ щIалэ щыпкъэхэм я гъащIэр щапхъэщ иджырей щIэблэмкIэ, — къыщIегъуж Мамчуев Исса.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**



**Нэхущ Шыхьэбэнрэ Къумыкъу Артуррэ**

*Фэеплъ усэхэр*

## Афганистаным щыкIуэда щIалэхэм

**БЕМЫРЗЭ Мухьэдин**



Iэуес, Хьэсин! Къурш хэкум и къуэфIитI,
Адыгэ лъэпкъ хъарзынэм и сабийхэ.
Фэ зи насып къэкIуэгъуэ ныбжьым фитт,
Фи гъащIэ лъапIэр щыфIахахэм бийхэм.
Хэт ищIэрэ, фэ къыфхэкIынкIэ хъунт,
ЛэжьакIуэ пашэ, IэщIагъэлI цIэрыIуэ.
ФыхущIыхьамэ фIыуэ фэ флъагъун,
ДэфIынт фи пщIантIэр сабий макъ къыщыIухэм.
АрщхьэкIэ фэ фыхъуащ игъуэнэмыс,
Илъэс пщыкIубгъум фыкIуэжащ гъазэншэу,
Ди псалъэри, ди нэпсри здынэмыс,
Гукъеуэм и хэщIапIэ лъахэ бзэншэм.
ИтIани гъащIэр бгъэувыIэн плъэкIын –
Зэхэтщ фэрыншэу хьэгъуэлIыгъуэ джэгухэр
Фи анэхэр гумэщIу къыщIэкIынщ,
Хамэ сабийхэм фи цIэкIэ еджэхукIэ.
АрщхьэкIэ фэ ажалым фытекIуащ,
ЩIы щIагъым щыгъэпщкIуами фи Iэпкълъэпкъхэр.
Зэманым и къарум хуэмыгъэкIуэщI,
Фи лIыгъэ къыхуэнар адыгэ лъэпкъым.

## Анэм и гъыбзэ



Гъыбзэ гуIэгъуэу, гъыбзэ гуузыр
Зыхуэзуса мыгъуэр, уей.
ГъащIэ мащIэ дыдэу
кIуэдыкIей дыдэу
Си Хьэсин цIыкIу мыгъуэщ, уей
Мэрем махуэр къосри,
шэджагъуэ нэужьым
Уи письмор къызатри, уей.
Уи письмом сыкъеджэу,
къеджэн сымыухыу
Жэмыхьэтыр къысхудыхьай.
Службэм сокIуэ жыпIэри,
УгуфIэу уедгъэжьати, уей.
Афганистанурэ щIыналъэ
дыджти
Узыхуэза мыгъуэр, уей.
Уи ныбжьэгъу Iэуес мыгъуэм,
Си Хьэсин цIыкIу мыгъуэ,
Шэ фIыцIэр къытохуэри, уей.
И Iэр уи пщэм дэлъурэ,
и щхьэр уи куэщI илъурэ,
И псэ тIэкIур ет мыгъуэр, уей.
Iэуес и псэр щит мыгъуэм
къыбжиIэфари.
«Хьэсин» тIо жыIэгъуэ мыгъуэращ.
Отпуск укъакIуэри.
Iэуес и кхъэхалъэр
къызэпыбокIухьри, уей.
Уи кхъэхалъэ хъуным уи лъа
къуэ цIыкIуитIымкIэ
КъыщыпкIухьыжа мыгъуэт, уей.
Отпуск нэужьым фIым
дыщыгугъыпэу
Уедгъэжьэжати, уей.
МазитI нэхъ темыкIыу,
хьэдэ гурышэу
Укъысхуашэжа мыгъуэт, уей.
Кандагар губгъуэжьым мыгъуэ.
Си Хьэсин цIыкIу мыгъуэ,
Минэм ущеукIри, уей.
Махуэ егбгъуанэм
гъущI бэным удэлъу
Укъысхуашэж мыгъуэ, уей.
Быныр дошэкIаурэ,
дыпхуэгуIэжыпэурэ
Нэхур къыттещхьа мыгъуэт, уей.
Уи бэныр щIахьэну уи
лэгъунэбжэр
Сэ къызэIузохыри, уей.
Зи лэгъунэбжэр зэIузмыхари
Си Хьэсин цIыкIу мыгъуэщ, уей.
Уи лэгъунэм джэгу
щащIынум ипIэкIэ,
Хьэдагъэ щащIри, уей.
А уи лэгъунэм къуажэ
жэмыхьэтыр
Нышызэхуосри, уей.
А уи лэгъунэ мыгъуэм
джэгу щащIыным ипIэкIэ
Зэчыр щыжаIэри, уей.
А илъэс тIощIу уэ къэбгъэщIари
Махуэ тIощIу къысщохъури, уей.
А илъэс тIощIым махуипщI
хущыщIэу,
ЩIы фIыцIэжьым ущIыхьэжай.
А илъэс тIощIым махуипщI
къудейри
ПхукIэригъэхуай, си Хьэсин.
Уи ныбжьэгъу Iэуесри
къыщаукIами.
Уэ къыкIэлъыбжыхьа
мыгъуэт, уей.
Уэ укъыщаукIа мыгъуэм
Iэуеси уиIэжтэкъыми, уей.
УщIэгуIэжауэ уи
ныбжьэгъу Iэуесым,
Убгъэдалъхьэжащ, си Хьэсин.
Уэ ущыдахынум,
си Хьэсин мыгъуэ,
Унэм сыкъыщIокIри, уей.
Солдат цIыкIу къомыр
стройуэ къыщыдыхьэм.
Дуней нэхур къыстеункIыфIат.
Уи къуэш цIыкIухэу
къызэбнэкIахэри,
Кхъаблэм ныщIоувэри, уей.
Къыбдалъхуа псори
гущIэм егбгъэIа мыгъуэт, уей.
Узыншабзэ цIыкIуу,
уэ си Хьэсин мыгъуэ
Дэ уедгъэжьати, уей.
Афганистанурэ щIыналъэ
дыджым
ГъущI бэнкIэ узэрихъуэкIай.
Уи сурэт дахэ мыгъуэм
и пIэ къиувари
ГъущI бэн гъэбыдаращ уей.
Жэщыр къыщыскIэ,
си Хьэсин цIыкIу мыгъуэ,
Мазэм сыпхуелъэIути, уей.
Жэщым и кIыфIыгъуэу гъуэгу
ущытехьэкIэ
Къыпхуигъэунэхуну селъэIут.
Пщэдджыжь хъуауэ
дыгъэр къыщыщIэкIкIэ,
Дыгъэм селъэIути сэ.
Дыгъэ жьэражьэр
щхьэщыгум щиувэм
Игу къыпщIэгъуну селъэIути.
Игъуэнэмыс мыгъуэу
кIуэдыжыкIейри
Си Хьэсин цIыкIу мыгъуэти, уей.
Гъатхэр къыщыскIэ
си Хьэсин цIыкIу мыгъуэ,
Дунейр зэщIогъагъэри, уей.
УзэщIэгъагъэурэ
уи дахэгъуэ дыдэм
УкIуэдыжа мыгъуи, уей.
Дунейм и дахэгъуэ мыгъуэм
Уи IэфIыгъуэ дыдэт
УщыкIуэдыжар, си Хьэсин...

**Гъыбзэр зыусар**
**Хьэсин и анэ Сеуазщ**

## Согъей ныбжьэгъур

**ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ**



СымыщIэ си гур
си бгъэм зэризагъэр,
И къуэпсхэр гуауэм
сфIощI зэхифыщIа.
Согъей игъуэнэмыс
хъуа си ныбжьэгъур,
Ныжэбэ кIуам
си пщIыхьым щыхьэщIар.
Мэпыхьэ уэгури,
пшэхэр зэщIищIауэ,
Инжыджи хъыбар
гуауэм догумэщI.
Адыгэ пщIантIэм бэн
худашэжауэ,
Iуха куэбжэшхуэм
дохьэхэр дыуэщI.
Бзылъхугъэхэм гуIэгъуэ
макъ яIэтыр,
Ди жылэм зэи
апхуэдэ къэмыхъуат.
Темылъу кхъаблэм бэным
дэлъ сэлэтыр
Афган щIыналъэм
псэм щыIэпыхуат.
Нэпс щIигъэкIам
и нэкIур илыгъуауэ,
Анэ гурыщIэм щэIу фIэкI
къимыIукI.
И быным йоджэ бэным
теубгъуауэ,
Ауэ джэ макъри
Iупэм къыфIэмыкI.
Ей, цIыхугъэншэу
лъэпкъышхуэ унафэ!
Ипшащ ажал утыкум
гъащIэ куэд.
ЦIыху цIыкIу къэгъапцIэу,
пщыгъыу ажэгъафэ,
ХамэщI къазэууэ
бынхэр уогъэкIуэд...
СымыщIэ си гур
си бгъэм зэризагъэр,
И къуэпсхэр гуауэм
сфIощI зэхифыщIа.
Согъей игъуэнэмыс
хъуа си ныбжьэгъур,
Ныжэбэ кIуам аргуэру
си хьэщIар.

## «Афэрым» зыхуагъэфащэщ



КъэкIыгъэр псы зэрыхуэныкъуэм хуэдэу, цIыхури псалъэ гуапэ хуэныкъуэщ. А псалъэм зыхуэфащэр и зэфIэкIхэм трегъэгушхуэ, нэхъыфI ещIри зыхуэмыфащэм зыкъыщегъэхъуж, игъэгъуащэу, зэрыщымыту зригъэлъагъуу. Къаруушхуэ зыбгъэдэлъ псалъэ гуапэщ «афэрымыр».

Адыгэхэм зырызыхэщ ар зыхуагъэфащэр. «Афэрым» жыIэгъуэ закъуэм папщIэ щIалэм щытхъу пылъу зэфIихын хуейт лэжьыгъэшхуэ, и щэн-хьэлкIи куэдым щапхъэ яхуэхъуу. Арат а жыIэгъуэр зыхуагъэфащэр нэхъ насыпыфIэ дыдэу къыщIалъытэри. Ди нэхъыжьхэм гуащIэдэкIыр гъащIэу, гъащIэри гуащIэдэкIыу зэрыщытыр зэрызыхащIамкIэ фIыщIэшхуэ бгъэдэлъщ «афэрым» псалъэми. Ауэ иужьрей зэманым ар ди псалъалъэм хуэмыфащэу хэдгъэкIыж хуэдэщ, апхуэдизрэ зэхэтхыжкъым. Арагъэнщ Хьэбэз АТП-м и лэжьакIуэ нэхъыжьхэм я лэжьэгъу щIалэм папщIэ «афэрым зыхуэфащэщ ар» щыжаIэм, щIэзгъэщIэгъуари.

Сэ сыпэплъэтэкъым зи гугъу тщIа Щауэ Асчэр апхуэдэ жыIэгъуэ кIэщIкIэ къысхутепсэлъыхьыным.

Хьэбэз АТП-м деж къым Щауэ Асчэр «афэрымыр» япэу къыздыхуагъэфэщар. КъызэрыщIэкIамкIэ, Асчэр яхэтащ 1980 гъэхэм Афганистаным ягъэкIуахэм. ГуащIэдэкIым щIапIыкIыурэ къэтэджа щIалэр щышынакъым къулыкъу гугъуехьми, зауэ мафIэми. Зэрагъэсауэ илъэситIми хущIэкъуащ и пщэрылъхэр щIыхь пылъу зэригъэзэщIэным. ЩыIащ Кабул и Iэхэлъахэм, БМП-р зэрихуэу. Хэтащ зэхэуэхэм. Хахуагъэу адыгэ щIалэм къыкъуэкIам и хъыбар нэсащ ВЛКСМ-м и ЦК-м икIи абы къыхуагъэфэщащ саугъэт лъапIэрэ «афэрымрэ».

Афган зауэм Асчэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым иригъэгупсысащ. Узыншэу унэм къигъэзэжащ. Афганистаным щыIахэу шэ гынымэр зи щIалэгъуэм къыкIэрих адрей адыгэ щIалэхэми яхуэдэу, зритащ мамыргуащIэдэкIым. «Сэ зауэм сыкъикIыжащ» жиIэу къилъыхъуакъым фIыщIэ лей, лэжьапIэ нэхъ тынш, атIэ Iухьащ Хьэбэз АТП-м. ТхьэмахуэкIэ зэригъэпэщыжащ, къигъэщIэрэщIэжащ земыкIуэжу ягъэувыжа машинэжьыр. ИужькIэ лэжьыгъэфIи зэфIихыжащ абыкIэ. Мыбы и закъуэкъым унафэщIри лэжьэгъухэри Асчэр къыщIыхуэарэзыр. Псоми зыжьэу жаIэ сыт и лъэныкъуэкIи цIыхугъэ къызэрыкъуэкIыр, и IэщIагъэм зэрыхищIыкIыр, хэти хузэфэкIымрэ ицIыхумрэкIэ дэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр.

Акъылыр гупсысэ хуэныкъуэщ. Гупсысэр къэзыгъэщIыр гугъуехьращ. Шэч хэлъкъым абы Асчэри фIыуэ зэрыщыгъуазэм. И псалъэм зэ закъуи къыхэщакъым щхьэщытхъуныгъэ. «Ныкъусаныгъэ, щыщIагъэ гуэр зимыIэ щыIэкъым, уифIри уи Iейри цIыхухэм ялъагъу, — жеIэ Асчэр. — Сыт щыгъуи цIыхур зыкIэлъыплъыжын хуейщ. Щытхъу псалъэ къыбжаIэмэ, абы къикIкъым щыщIагъэ уимыIэу, уиIэри ямылъагъуу. Нэхъыжьхэм гъащIэ гъуэгум утезышэн гъэсэныгъэрэ Iущыгъэрэ къыуатыфмэ аращ абыхэм я пщэрылъыр. Адрей псори уэ уи гугъуехькIэ къэпхьэхужын хуейщ...»

Апхуэдэ гупсысэу къыщIэкIынщ ди щIалэгъуалэм и нэхъыбапIэр нобэ зыхуэныкъуэри. Гъатхэу и зэманыгъуэщ щIалэгъуэм. Насыпым и нагъыщэщ. ГугъэфIхэм я псыхьыгъуэщ. И щIалэгъуэщ Щауэ Асчэр.

**ИУАН Щэмел**

## Адэм и лIыгъэр къуэм и дамэщ

**КЪАНЛОКЪУЭ Исмэхьил**

*(АфIэунэ Iэуесрэ Мэшэжь Хьэсинрэ я фэеплъу)*




Дэтщ ди къуажэкхъэм сынышхуитI,
Къыхоплъ а сынхэм щIалэщIитI.
Дэсащ а тIури Жьакуэ къуажэм,
Ефащ мо Инжыджыпс къабзэм.
Тетащ щIалитIри ди Жьакуащхьэ,
Щыгупсысащ Iэдииху и пащхьэ.
Сэралыпыщхьи мэкъу щеуащ,
Ди Инжыдж ЦIыкIуи епсэлъащ.
Сынхэм къыпхыплъ сурэтхэр
плъагъумэ,
Лъэсу къокIыжри афган зауэм
ЩIалитIыр къуажэм къыхохьэж,
Нэщхъейуэ, щэхуу кхъэм дохьэж...
Къуэм адэракъым, адэм и къуэр
ПщIыхькIэ елъагъу, елъагъу
жэщ ныкъуэм,
Елъагъу нысащIэ къамышар,
Елъагъу къуэрылъху къыхуэмыхъуар...
Зауэ гъуэгу куэд якIуащ адитIым,
Забытрэ Мусэрэ Берлиныр
Ящыщщ Хэку зауэм къэзыщтам,
АдыгэлI нэсу къэкIуэжам.
Ахэм ящIахэр лIы и хабзэщ,
Къэралым, къуажэм
ягу хуэкъабзэщ.
ФIыгъэщ сыт щыгъуи ялэжьар,
Лъэпкъ щIыхьыр нэхъри къаIэтащ.
Адэм и щIыхьыр къуэм и дамэщ, —
Хэтащ щIалитIри афган зауэм.
Душманхэм хахуэу пэщIэтащ,
Адыгэ напэр яхъумащ.
Ажалыр, дощIэр, гущIэгъуншэщ,
Шэр гум шыпхыкIкIэ — Iэмалыншэщ.
ЯфIэкIуэдащ адитIым къуитI,
ХэщIащ адыгэм унагъуитI,
ЗэуапIэр лIыгъэ зэхэкIыпIэщ, -
Дэтщ ди къуажэкхъэм шэ гынымэр.
Дэтщ ди къуажэкхъэм сынышхуитI,
Къыхоплъ а сынхэм щIалэщIитI...

**Е 2-3-нэ напэкIуэцIхэм ит тхыгъэхэр АБИДОКЪУЭ Люсанэ и "Афган 1979-1989 гг." тхылъым къитхащ**

Фэеплъ

# 1↰ Даур Аслъэн и Музей



Дэтхэнэми композиторыр гуапэу игу къигъэкIыжащ, абы Къэрэшей-Черкесым къыщымынэу, къэрал псом и щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIар къыхагъэщащ.

«Нобэ колледжым щызэхуэсащ Даур Аслъэн зэгуэрми зыщызимыгъэгъупщэну икIи дапщэщи фIылъагъуныгъэ хузиIэну нэрыбгэхэр, зи щIыхьыр яIэт адыгэлIым и щIэин бейр къащIэхъуэ щIэблэм иужькIэ IэрызыгъыхьэжынкIэ дызыщыгугъхэр. Даур Аслъэн увыпIэ хэха щеубыд ди республикэм нэхъ зэчиифIэ дыдэу иIэ музыкантхэр зыхэт сатырым, икIи и цIэр хуэфащэу зэрехьэ щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэкIэ колледжым.

Мы къетхьэжьа IуэхуфIым мыхьэнэшхуэ еттмэ, колледжым иджыри зы лъэбакъуэфI едгъэчынущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, музейм щIэлъу хъуар, мы еджапIэм щылажьэхэмрэ щеджэхэмрэ езыхэм я IэкIэ ящIыжащ. Ар фэеплъу диIэм я нэщэнэщ, дэркIэ уасэ зимыIэщ», — къыхигъэщащ Агырбэ Зураб.

Музейр къызэIухыныр щызэфIагъэкIым, ищхьэкIэ и гугъу зэрытщIащи, колледжым и концерт пэшым къыщIэIукIыу зэхэпхынут творческэ Iэуэлъауэ макъ, КъЧР-м и артистхэр, егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ зыхуагъэхьэзырт жэщмахуэ бжыгъэкIэ зэлэжьа уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ утыку ихьэным. ЖыIэпхъэщи, ягъэзэщIа дэтхэнэ номерри Даурым итха-иусахэращ.

Адыгэр дызэрыгушхуэ уэрэдус Даур Аслъэн къыщIэнар, шэч хэмылъу, Къэрэшей-Черкесми, Ищхъэрэ Кавказми я щэнхабзэ дыщэ пхъуантэм щахъумэ, адыгэлIым и музыкэ щэнхабзэр тхыдэ напэкIуэцIхэм дыщэпскIэ хэтхащ.

Мы махуэхэм къызэIуаха музейр колледжым хэтыххэт, ауэ ар жыжьэу пыIудзарэ цIыхухэм нэрылъагъу зэрахуэмыхъум къыхэкIкIэ, унафэ къахьащ еджапIэм и япэ къатым, холлым деж Даур Аслъэн и творчествэм плIанэпэ щхьэхуэ хухахыну.

Даур Аслъэн Алий и къуэр къыщалъхуащ Хьэбэз къуажэм. Ар РСФСР-м, Абхъазым гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ, Глинкэ и цIэр зезыхьэ Къэрал саугъэтым и Лауреатщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артистщ, СССР-м и композиторхэм я Союзым хэтащ.

Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа дэтхэнэ лэжьыгъэри къызэрымыкIуэу дахэу, зэманым декIуу гъэпсащи, езыр зыщалъхуа Къэрэшей-Черкесым къыщымыувыIэу, уэрэду, макъамэу итхар цIыхубэм хэз хъуащ.

Псом хуэмыдэу, ди лъахэгъухэр иропагэ къэрэшей усакIуэ Созаруков Исуф КъЧР-м папщIэ Гимну итха псалъэхэм, адыгэм и драматург, классик IутIыж Борис Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гимну итха псалъэхэм ящIэлъ макъамэхэр Даур Аслъэн ейуэ зэрыщытым.

Тхьэм мыпхуэдэ цIыхушхуэм и ужь иувэну щIэблэфI ди лъэпкъым къыдит!

**ЛЫХЬ Тимур**




«Черкес хэку»-м и илъэси 100-м хуэкIуэу

# Къэрал гъащIэм и джэрпэджэж, жылагъуэм и гъуо



***ФIэщыгъэцIэ зэхуэмыдэхэм щIэтурэ лIыщIыгъуэ хъуауэ къыдэкI «Черкес хэку» газетым куэд и нэгум щIэкIащ, жьапщэ зэхуэмыдэхэми пхыкIащ, гъэунэхуныгъэ къэс и лъэр нэхъри щIагъэбыдэрэ и щIыхьыр яIэту. ПсынщIэтэкъым къэрал властым и нэIэ ущIэту, абы и губгъэн къыумыхьынри, узыхуэлажьэ лъэпкъыр арэзы пщIынри.***

Апхуэдэ къалэнитIыр зэригъэкIуу, зэдигъэхъуу газетыр илъэс зэхуэмыдэхэм зэрылэжьам и щыхьэт дылъыхъуэкIэрэ, къэтщтащ ди хъумапIэм щIэлъ газет зэдэдаишхуэхэм языхэз, 1969 гъэм мазаем и 15-м къыдэкIар. АтIэ, абы ди гулъытэр щIедгъэзар щхьэусыгъуэншэкъым, дыхуейт илъэс 55-кIэ узэIэбэкIыжмэ, мазаем и 15-м къыдэкIа «Ленин нур»-м фыридгъэплъэжыну.

АтIэ, газетым и фIэщыгъэцIэр зэригъэщыпкъэжыр, къэралым, гуащIэрылажьэхэм Ленин Владимир Ильич и цIэм пщIэшхуэ хуащIу зэрыщытар наIуэщ газетым и напэкIуэцIхэм уриплъамэ. Зы тхыгъэкъым, тIукъым газетым тетыр, псэемыблэжу зи гъащIэр революцэм щIэзыта цIыхум теухуауэ. Апхуэдэ гулъытэшхуэ щIыхуащIам нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэт. АтIэ, 1870 гъэм къэхъуа Ленин Владимиру 1970 гъэм илъэсищэ зэрырикъунум хуэкIуэу газетхэр тетхыхьт.

КъинэмыщIауэ, ди адыгэ газетым и лIыщIыгъуэ ныбжьми къехьэлIащ «Ленин» цIэр. АтIэ, 1924 гъэм щIышылэм и 24-м ар дунейм ехыжащ, икIи мы гъэм абы лъандэрэ илъэси 100 текIыжащ.

Илъэс 55-кIэ узэIэбэкIыжмэ, мазаем (февралым) и 15-м «Ленин нур»-м и къыдэкIыгъуэм ещанэ напэкIуэцIыр зэрыщыту Ленин Владимир Ильич триухуащ «ЛЕНИН — ди щIэныгъэщ, ди къарущ, ди Iэщэщ» щхьэщIэдзапIэм щIэту. НапэкIуэцIыр ягъэбжьыфIащ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа усакIуэхэм Ленин траухуа усэхэм. Хэт и къалэмыпэ къыщIэкIаи къыщибджыкIыфынущ мыбдеж: Маяковский Владимир и усэр, адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ — «Партиемрэ Ленинрэ», Хьэнфэн Алим и усэхэр — «Шэрджэс ЛIыжь», «Революцэ», АбытIэ Владимир ей — «Iэгум ис тхьэрыкъуэ», Байрамкулов М. и усэ «Ильич и унэ», нэгъуэщIхэри. Гуапэ мыхъукIэ къанэкъым къытхэмытыж а цIыху угъурлыхэм я къалэмыпэхэм къыщIэкIахэм къытебгъэзэжу уеджэну, фIэщхъуныгъэм, къэкIуэну фIыгъуэм хуаIа гуращэхэм ущыгъуэзэну.

Дыхуейт ди гулъытэр зыхьэхуа етIуанэ напэкIуэцIми дыкъытеувыIэну. АтIэ, икъукIэ гуапэщ уи цIыхугъэу, Iыхьлыгъэу, е гъунэгъугъэу щыта цIыхум и цIэ зэман жыжьэм къыхэщыжу урихьэлIэныр. Сурэтым щыдолъагъу завод станокым пэрыт лIыр. Абы щIэт клише сатыр зытIущым дыкъыщоджэ: «Гидропневмонормаль» Беслъэней заводым и токархэм я щапхъэщ коммунист Уэхъутэ Хьэсанэ. И лэжьэгъуэ къалэнхэр щIрегъэгъур, езыри цехкомым и председателщи, IуэхугъуитIри хъарзынэу зэдехь», дыкъыщоджэ абдеж.

Уэхъутэ Хьэсанэ и гъащIэ Iыхьэ къэс къызэрымыкIуэщ, гъэщIэгъуэнщ. Зы щапхъэ: и щIалэгъуэм щыщу илъэситхурэ никъуэрэ хуигъэтIылъащ къулыкъу щищIа тенджызыщIагъ кхъухьым. Абы ехьэлIауэ IуэрыIуатэ хъужауэ зы хъыбар яIуэтэж и быным. Кронштадт тенджызыщIагъ кхъухьым зэ «псым зыщIиса» нэужь, мазэ бжыгъэкIэ дунейм къытехьэтэкъым. Апхуэдэ зы къыдэсеижыгъуэу, къулыкъу зыщIэхэр къалэм яутIыпщащ загъэпсэхуну. КъекIуэлIэжыгъуэм нэрыбгэ зыбжанэ къыкIэрыхуащ, Уэхъутэри яхэту. КъызыкIэрыхуа кхъухьыр и гъуэгу техьэжри, абы къыщыщIыжар хэт ищIэрэ, апщыгъуэм псори ущэхуатэкъэ, кIуэдри, и хъыбари зэхахыжакъым. Мис апхуэдэу щIалэ гупыр ажалым къелауэ щытащ.

«Гидропневмонормаль» завод щэджащэм къэралым и дэнэ хэгъуэгуи зэпыщIэныгъэ диIыгът икIи абы уи лъэр щыувауэ, унафэщI IэнатIэри къыпхуагъэфэщауэ ущылэжьэныр жэуаплыгъэ зыпылът. Апхуэдэ дзыхьыр игъэщыпкъэжу, щапхъэгъэлъагъуэу Хьэсанэ илъэс куэдкIэ заводым щылэжьащ, къызэрыкIуэ лэжьакIуэу къыщIидзэри, унафэщI IэнатIэми нихусащ.

Заводым къыIукIыжа нэужьи, адыгэлI гумызагъэр Iуэхуншэу зы махуи щысакъым. Ар къуажэ жэмыхьэтым хэтт, КъурIэныр зыджыну хуейхэм я унагъуэ дыдэхэм езыр кIуэурэ иригъаджэт. Къазэрыхэмытыжрэ илъэс куэд текIыжами, беслъэнейдэсхэм фIы дыдэу яцIыхуж Хьэсанэ къахуищIар икIи гукъэкIыж, фIыщIэ псалъэ гуапэхэмкIэ куэдрэ и цIэр ираIуэ. Хьэсанэ езым и пщэ ирилъхьэжауэ, кхъэм кIуэурэ кIэлъыплът, игъэкъабзэт, зыхуей-зыхуэныкъуэ хуигъазэт, КъурIэн щеджэт. ХьэжыщI щыIауэ щытащ. ИпэкIэ ита и нэхъыжьхэм ящыщу диныр зи Iэпэгъуахэм къапихагъэнт а псори абы.

ЦIыху зэчиифIэм и зэфIэкIыр куэдым нос. Апхуэдэт Хьэсани. Абы «Катюша» уэрэд цIэрыIуэр адыгэбзэкIэ зэрызэридзэкIа къудейр сыт и уасэ? Езыми фIэфIт уэрэд жыIэн тIэкIур. «ТIэкIур» щIыжытIэр, апхуэдэ лъэныкъуэм щыгъуазэр и унагъуэ закъуэрат, зыми ицIыхутэкъыми аращ.

«Къуэ гъасэ, жыг хэсэ, унэ ухуэ» жыIэгъуэм и зы Iыхьэ къэнакъым мы лIым имыгъэзэщIауэ. Хиса мыIэрысейхэри, зейхэри нобэ унагъуэми, гъунэгъухэми яхуэберычэтщ, ахэр зи IэрыкI тхьэмыщкIэр къахэт къащигъэхъуу, къытрагъэзэжу ягу къигъэкIыжу. Унэшхуи иухуащ, и бынунагъуэшхуэр зэрыщIэхуэным, зэрыщытыншыным хуэдэу. Хьэсанэрэ и щхьэгъусэ Неллэрэ быниплI зэдапIащ. Я къуэ СулътIан хьэрычэтыщIэщ, къуажэ советым и депутатщи, и къуажэгъухэм зэращхьэпэфыну зыри къигъанэкъым. Япхъу Сэтэней, Iэминат, Iэсят сымэщи, икъукIэ зэчий зыбгъэдэлъ адыгэ бзылъхугъэхэщ. Бынунагъуэхэщ. Я анэм къыпахащ бзылъхугъэм и IэщIагъэ зыхужыпIэн псори. Къуэрылъху-пхъурылъхукIи къахуэупсат Уэхъутэ зэщхьэгъусэхэм — нэрыбгипщI мэхъу а щIэблэр. Зы закъуэщ Хьэсанэ и насып зыхэмылъар — а угъурлыгъэр, а насыпыр илъэгъуакъым, щызу гу щихуакъым, пасэу дунейм ехыжащ. Ауэ, адэм и щIыхьыр зыхъумэ быным ягъэзэщIащ и уэсятыр. «А тхьэмыщкIэ цIыкIухэр фхъумэ», — жиIэгъат иужьрей дыдэу, езым хиса, ауэ Iумыхуэжа мыIэрысей жыгыщIэ цIыкIухэм яхуеплъэкIри. Нобэ абыхэм заужьауэ, жыг хадэшхуэу щофIэрафIэ Уэхъутэхэ я хапIэм. Аргуэру тхьэпэхэр быным къоIущащэ я адэм и макъкIэ: «сыфхуэарэзыщ».

Сурэтымрэ абы кIэщIэт сатыр зытIущымрэ къытедгъэхъеикIа ди тхыгъэмкIэ адыгэлI щыпкъэу дунейм тета Уэхъутэ Хьэсанэ и фэеплъым хэлъхьэныгъэ Iыхьэ хуэтщIауэдолъытэ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Спорт

# ЕхъулIэныгъэфIкIэ къыхэщахэр

Ставрополь крайм хыхьэ Курская станицэм 2008-2014 гъэхэм къалъхуа боксер ныбжьыщIэхэр зыхэта, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ блокадэм ита Ленинград къалэр хуит къызэращIыжрэ илъэс 80 зэрырикъуам хуэгъэза спорт зэхьэзэхуэ зэIуха щекIуэкIащ. Абы къекIуэлIащ, хьэлъагъ зэхуэмыдэхэмкIи зызэрапщытащ боксер 200-м щIигъум.

А зэпеуэм IэкIуэлъакIуагъ ян ябгъэдэлъу зыкъыщагъэлъэгъуащ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм боксымкIэ и гъэсакIуэ Иуан ХьэзрэIил и нэIэм щIэт боксер ныбжьыщIэхэм. АтIэ, нэрыбгэ 14 зэхьэзэхуэм ишати, боксери 10-м — япэ увыпIэр, 4-м — етIуанэр зыIэрагъыхьащ.







Апхуэдэу, япэ увыпIэкIэ къыхэщащ Мэремыкъуэ Рамил, Хьэщкъуей Щэмил, ХьэкIырэ Тимур, Пхъэшхэ Артуррэ Ахьмэдрэ, Бешто Имран, Хъупсырокъуэ Амар, Къардэн Альберт, Мысрокъуэ Роман, Шорэ Самир сымэ; етIуанэ увыпIэр зыIэрагъыхьащ Бэрдыкъуэ Артур, Жэрэщты Алихъан, Езауэ Амир, ТыIэщ Амир сымэ.

Боксым япэ лъэбакъуэ хэзычэ цIыкIухэми, IэкIуэлъакIуагъэрэ Iуэху зэхэщIыкIрэ зыбгъэдэлъ боксер ныбжьыщIэхэми адэкIи нэхъри нэхъыбэ ехъулIэныгъэ зыIэрывгъыхьэну дыфхуохъуахъуэ!

ФIыщIэ ин хуэфащэщ мы сабийхэр уэрамым къытезыш, спорт гъэсэныгъэм, Iэпкълъэпкъ псыхьыныгъэм, узыншагъэм дезыгъэхьэх гъэсакIуэм. ЖыпIэнурамэ, Иуан ХьэзрэIил къуажэм щыщуи, нэгъуэщI жылагъуэхэм къикIыуи щIэблэ бжыгъэ игъэсащ, спорт лъагапIэм инхэм хуишащ. Ноби ар гумызагъэу а Iуэху хьэлъэм пэрытщи, Тхьэм и къару пигъэлъэщ!

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ**

# 1↰ Тамбий Адемыркъан — Урысейм и чемпионщ!

Зэрысабий лъандэрэ щIалэ цIыкIум и Iэпкълъэпкъыр епсыхь спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ. АтIэ, ехъулIэныгъэ хэлъу гимнастикэкIи зигъасэу щытащ. ЖыIэпхъэщи, Адемыркъан здыщехъулIэр спорт закъуэм дежкъым. ЕджапIэм зэрыщIыхьэрэ нагъыщэфI защIэкIэ йоджэ, жылагъуэ гъащIэми жыджэру холэжьыхь.

Зэрылъэпкъыу дыхуогуфIэ ди лъэпкъэгъу самбистым и ехъулIэныгъэ лъагэм икIи дыхуохъуахъуэ дяпэкIэ къыпэщылъ зэхьэзэхуэ утыкухэм я щыгум текIуэныгъэкIэ иувэну, и спорт вагъуэр щылыдыну!

Гу лъыттэнщи, Адемыркъан япэ увыпIэр, дыщэ медалыр къыздыщилъэща зэхьэзэхуэм етIуанэ щыхъуащ ди хэкуэгъу Чагъэ Астемыр, ещанэ увыпIэр Бостанов Ренат къихьащ. Хабзэм зэрытету, дыжьыныр къэзылъэща Чагъэ Астемыр лъэкIыныгъэр къихьащ Европэм и пашагъэм щIэбэныну.

Тхьэм я насып къригъэхь!

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**

УхуэныгъэщIэхэр

## Электромобилхэм я станц

2024 гъэм Къэрэшей-Черкесым щаухуэнущ электромобилхэр къарукIэ здаузэд станци 6. Абыхэм я нэхъыбапIэр республикэ къалащхьэм щащIынущ, зыгуэрхэри курортхэм кIуэ гъуэгухэм щагъэувын я мурадщ.

Мыбы ипэкIэ хъыбар къызэратащи, Къэрэшей-Черкес Республикэр хагъэхьащ электромобилхэр псынщIэу зэраузэд станц бжыгъэ ухуэнымкIэ гъэунэхуныгъэ проектым.

А Iуэхум епха дауэдапщэхэр мы гъэм зэфIахыфын папщIэ, УФ-м энергетикэмкIэ и Министерствэм сом мелуан 15-м щIигъу бюджетым къыхигъэкIащ. Ягъэбелджылащ юридическэ лъэкIыныгъэ зиIэхэм электростанцхэр къэщэхуныммрэ пыщIэнымрэ трагъэкIуэдэну ахъшэр ирапшын хъуэ субсидие къызэрыщIахыфыну щIыкIэри.

**АБЫКЪУ Къамырзэ**

Егъэджэныгъэ

## ЛэжьапIэ ягъэгъуэтынымкIэ

КъЧР-м щыпсэу цIыху 424-р 2023 гъэм ехъулIэныгъэ хэлъу еджащ «Демография» лъэпкъ проектым хыхьэ «Содействие занятости» федеральнэ проектым и къэухьхэм иту.

2023 гъэм абы ипкъ ит программэм къызэщIиубыдащ цIыху 291-рэ. А щIыкIэм иту, хэгъуэгум и планым щIригъэгъуащ процент 46-рэ.

ЩIэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну хуейхэр хагъэдащ IэщIагъэ 300-м нэблагъэм. Еджэныр къызэрагъэпэщащ федеральнэ операторищым: Томск лъэпкъ къэхутакIуэ къэрал университетым, Урысей Федерацэм и Президентым цIыхубэ хъызмэтымрэ къэрал къулыкъумрэкIэ и Урысей академием (РАНХиГС-м), IэщIагъэ егъэджэныгъэм зегъэужьынымкIэ Институтым (ИРПО-м).

Еджэныр къауха нэужь, нэрыбгэ 260-р зыIута IэнатIэм къыIунэжащ, 144-м лэжьапIэ къыхуагъуэтащ.

**ЗЕКIУЭЛI Хьэмыщэ**

Дзэм елэжь IэщIагъэрылажьэм и чэнджэщ

## Дагъуэ имыIэн щхьэкIэ

ЦIыхум и Iэпкълъэпкъым и жьэпкъ-дзэпкъ Iыхьэм онкологие къэбэгыныгъэхэм я процент 15-м нэблагъэр еубыд. Iупэ плъыжьхэмрэ жьэ кIуэцIымрэ я узыжьым бэгыгъэ бзаджэхэм (злокачественные опухоли) я проценти 5-р лъос.

Апхуэдэ узыфэхэм и чэзум гу ялъыптэным мыхьэнэ щIиIэр ущхьэгъуншэкъым: апхуэдэхэр нэхъыбэщ икIи я зыужьыкIэр нэгъуэщIщ. Мыбдежым узыфэм гу лъытэгъуафIэ пэтми, сымаджэхэм къайуз щIыпIэхэр щIэх дыдэ зэщIобагэ икIи Iэпкълъэпкъым зыхагуашэ (метастазы).

### Узыжьым хуэзышэ щытыкIэхэр:

Ерыскъым мытэрэзу едзэкъэныр, мыхъумыщIэу ящIа протезхэр, дзэхэр трегъэхъукIыныр, къэрэндащыр, къалэмыр, гъущIIунэхэр жьэм жьэдэлъхьэныр, пщтырафэу щытыныр, джырышкIийр гъэныщкIуныр. Иужьрейм и зэран хуабжьу йокI жьэ кIуэцIым.

ЖьэкIуэцI узыжьыр къызыхэкIыр нэхъыщхьэу жьэ кIуэцIым зэрыхуэфащэу зэрыкIэлъымыплъращ, дзэ кIуэдахэм зэремыIэзэращ, протез мыхъумыщIэхэм я дзакIэ жанхэм жьэ кIуэцIыр зэрауIэ зэпытращ.




### Узыжьым ипэ къихуэ теплъэхэр:

— узыр куэдрэ зэрыхэмывыкIыр;
— Iэзэгъуэхэр зэрыщхьэмыпэр;
— зэреIэзэми емылъытауэ, къэбэга щIыпIэр нэхъ ин зэрыхъур;
— уз щIыпIэр быдэ зэрыхъур;
— лъы къызэрикIыр;
— лимфоузелхэм зэрызахъуэжыр.

Узыжьым Iуэхур нэмысын щхьэкIэ жьэ кIуэцIыр онкоскрининг ящI, къагъэсэбэп аутофлуоресцентнэ стоматоскопиер.

Сымаджэр зэпаплъыхь пэшым нэхур щыгъэункIыфIауэ. Пациентым абы тегъэпсыхьа нэгъуджэ Iуалъхьэ. «АФС» аппаратыр жьэм жьэдагъэувэри, абы и нэхумкIэ жьэ кIуэцIыр къанэ щымыIэу зэпаплъыхь. Псом хуэмыдэу гулъытэ хуащI жьэ кIуэцIымрэ дзэлхэмрэ я плъыфэм. Псори тэмэммэ, жьэ кIуэцIым удзыфафэ къыщIоуэ. Уз зыхэт щIыпIэхэр плъыжьыфэщ.

ФызыкIэлъыплъыж, щэн мыхъумыщIэхэр зыхэвнэ. Фи узыншагъэр фи нэIэм щIэвмыгъэкI!

**ХУБИЕВЭ Белэ,**
**республикэ стоматологие поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэ, штатым хэмыт стоматолог нэхъыщхьэ**

Черкес хэку

@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ,
ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2838-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ТУАРШЫ Ирэ,
корректор ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ